

Piblikasyon sa a gen enfòmasyon ladan apati 27 Out 2020.
Tanpri ale sou sitwèb nyc.gov/dca.



ENPÒTAN

- Ou dwe aji pou pi ta 30 Septanm 2020 si ou se yon moun ki resevwa èd leta epi ki pa t reklame Lajan \$500 pou chak timoun nan. Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) te ouvri peryòd enskripsyon an k ap fini 30 Septanm. Gade nan paj 2 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Ou dwe aji pou pi ta 15 Oktòb 2020 pou jwenn Lajan yo bay pou enpak sou ekonomi (Lajan Stimulus la) ane sa a, si ou pa voye taks ale epi ou pa resevwa èd leta.
- Fason ki pi vit epi ak plis sekirite pou resevwa peman ou se nan depo dirèk.

Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Peman Enpak Ekonomik (Economic Impact Payments) yo

Nan Lwa sou Èd pou Kowonaviris la, Sekou ak Sekirite Ekonomik (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES), moun ak fanmi ki kalifye yo pral resevwa nan depo dirèk oswa nan bwat postal Peman Enpak Ekonomik jiska \$1 200 (deklaran endividyèl) epi \$2 400 (koup marye k ap deklare taks ansanm) ak yon \$500 anplis pou chak timoun ki depandan ki poko gen 17 lane yo. Pifò moun ki kalifye yo pa bezwen fè anyen. Gen moun ki deja resevwa peman yo nan depo dirèk. Yo bay yon apèsi jeneral anba la a.

Kalifikasyon ak Kantite Lajan Peman an

Kalifikasyon Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan irs.gov/eipFAQ	Kantite Peman – Deklaran Endividyèl	Kantite Peman – Koup Marye k ap Deklare Taks Ansanm
Pou w kalifye, ou dwe: <ul style="list-style-type: none"> • Yon sitwayen Ameriken, rezidan pèmanan, oswa etranje rezidan. • Gen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) ki valid. • Gen yon Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI) pandan lane 2019 ki pi ba: <ul style="list-style-type: none"> ▪ \$99,000 (deklaran endividyèl) ▪ \$198,000 (koup marye k ap deklare taks ansanm) Pou w kalifye, ou pa kapab: <ul style="list-style-type: none"> • Gen yon moun ki deklare w antanke yon depandan sou deklarasyon yon lòt moun. 	AGI a rive jiska \$75,000 <ul style="list-style-type: none"> • \$1 200 <i>pa enkli nan peman an otomatikman.</i> <ul style="list-style-type: none"> • \$500 anplis pou chak timoun depandan ki poko gen 17 lane yo 	AGI a rive jiska \$150,000 <ul style="list-style-type: none"> • \$2 400 <i>pa enkli nan peman an otomatikman.</i> <ul style="list-style-type: none"> • \$500 anplis pou chak timoun depandan ki poko gen 17 lane yo
	AGI ki ant \$75 001 ak \$99 000: <ul style="list-style-type: none"> • \$5 an mwens pou chak \$100 Pi wo \$75 000 Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> • \$950 (\$80 000 AGI) • <i>Verifye anwo a konsènan timoun depandan ki poko gen 17 lane yo.</i> 	AGI ki ant \$150 001 ak \$198 000: <ul style="list-style-type: none"> • \$5 an mwens pou chak \$100 Pi wo \$150 000 Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> • \$2 150 (\$155 000 AGI) • <i>Verifye anwo a konsènan timoun depandan ki poko gen 17 lane yo.</i>

Remak:

Si w deklare yon moun ki depann sou ou ki gen plis pase 17 lane:

Peman yo p ap pral:

- Ou p ap resevwa yon peman \$500 pou moun ki depann sou ou sa a. AK
- Moun ki depann sou ou a p ap elijib pou li resevwa yon peman jiska \$1 200.
- Konsidere kòm revni taksab.
- Konte antanke revni lè y ap detèmine elijibilite pou avantaj yo resevwa apre verifikasyon resous tankou Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), ak lojman piblik.
- Konte antanke resous pou 12 mwa (nan objektif benefis leta bay yo).

Kimoun ki PRAL Resevwa Peman Otomatik

Ou pral resevwa yon peman si ou:

- Te deklare taks pi yo pou lane 2018 epi/oswa 2019 avan 13 Avril 2020 epi ou satisfè kritè revni yo.
- Pa deklare taks men ou resevwa:
 - Konpansasyon Ansyen Sòlda (Veterans Affairs, VA) ak Avantaj Pansyon
 - Avantaj Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) yo (*retrèt ak Revni Andikap Sekirite Sosyal, SSDI*)
 - Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI)
 - Avantaj Railroad Retirement Board (Komite Retrèt Chemennfè, RRB)
 - Avantaj Sivivan (VA, SSA, RRB) yo

Sèvis Entèn Revni (Internal Revenue Service, IRS) gen zouti ki ede tcheke nen ki pwen peman ou rive; resevwa peman konplè ou an si w gen timoun depandan ki poko gen 17 lane; epi resevwa peman ou an nan depo dirèk. Verifye tablo ki anba a pou resevwa rekòmasyon.

Oumenm:	Mezi Ou Dwe Pran:	Èske dwe w itilize Non Deklaran IRS yo: Zouti Rantre Enfòmasyon Peman yo la? irs.gov/nonfilereip	Èske w Dwe Itilize Zouti IRS Resevwa Peman mwen an? irs.gov/getmypayment
Ranpli yon deklarasyon taks pou lane 2019 (oswa 2018)	Okenn	Non	Wi Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.
Èske se yon non deklarasyon <u>ki pa gen timoun ki depann sou ou</u> ki resevwa konpansasyon SSA, RRB, SSI, oswa VA ak Benefis pansyon yo	Okenn	Non	Wi Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.
Èske se yon non deklarasyon <u>ki gen timoun ki depann sou ou ki poko gen 17 lane</u> ki resevwa konpansasyon SSA oswa RRB Benefis	Ou dwe reklame lajan \$500 pou chak timoun nan jiska 30 Septanm 2020. Si ou pa enskri jiska 30 Septanm 2020: Ou dwe deklare enpo 2020 ak 2021 ou pou w reklame \$500 pou chak timoun ki kalifye.	Wi Sèvi ak zouti a pou ajoute chak timoun ki kalifye.	Wi Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.
Èske se yon non deklarasyon <u>ki gen timoun ki depann sou ou ki poko gen 17 lane</u> ki resevwa konpansasyon SSI oswa VA ak Benefis pansyon yo	Ou dwe reklame lajan \$500 pou chak timoun nan jiska 30 Septanm 2020. Si ou pa enskri jiska 30 Septanm 2020: Ou dwe deklare enpo 2020 ak 2021 ou pou w reklame \$500 pou chak timoun ki kalifye.	Wi Sèvi ak zouti a pou ajoute chak timoun ki kalifye.	Wi Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.

Ou P AP PRAL Resevwa Peman Otomatik

Ou pa pral resevwa yon peman si ou pa te deklare taks pou lane 2018 oswa 2019 la. Verifye tablo ki anba a pou jwenn konsèy si w pa te deklare.

Ou Menm:	Mezi Ou Dwe Pran:	Èske w dwe itilize Non Deklaran IRS yo: Zouti Rantre Enfòmasyon Peman yo la?	Èske w Dwe Itilize Zouti IRS Resevwa Peman Mwen an?
Ou gen obligasyon pou ranpli yon deklarasyon oswa planifye pou ranpli yon deklarasyon paske ou espere ou dwe taks oswa atann pou w ranbouse epi pa te ranpli yon deklarasyon lane 2018 oswa 2019	<p>Al gade nan nyc.gov/taxprep pou jwenn mwayen pou w ranpli deklarasyon enpo ou yo gratis.* Verifye NYC Free Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) la.</p> <p>*Delè pou voye taks ale a se te 15 Jiyè 2020; men, ou kapab toujou voye taks ou ale pou w ka resevwa lajan pa w la.</p>	Non	<p>Wi</p> <p>Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.</p>
<p>Ou pa gen obligasyon pou ranpli yon deklarasyon† epi w pa esevwa Konpasasyon SSA*, RRB*, SSI*, oswa VA* Ak benefis Pansyon yo</p> <p>†Sa aplikab pou moun ak fanmi ki elijib yo AGI yo pou lane 2019 la te piba:</p> <ul style="list-style-type: none"> \$12 200 (deklaran endividyèl) \$24 400 (koup marye ki deklare taks ansanm) <p>*Verifye KEY (KLE) ki anba la.</p>	<p>Chwa 1:</p> <p>Louvri yon kont labank si w pa gen youn pou resevwa peman an nan depo dirèk.</p> <p>Enskri nan irs.gov/nonfilereip anvan 15 Oktòb 2020 pou resevwa peman ou ane sa a.</p> <p>*Verifye Resous ak Èd Gratis pou jwenn èd pou w louvri yon kont labank.</p>	<p>Wi</p> <p>Pou konplete fòm lan, w ap bezwen:</p> <ul style="list-style-type: none"> imèl adrès AGI ane pase a* oswa PIN ou te chwazi a <p>*Si w pa te ranpli li ane pase a, AGI ou an se 0.</p>	<p>Wi</p> <p>Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.</p>
	<p>Chwa 2:</p> <p>Al gade nan nyc.gov/taxprep pou jwenn mwayen pou w deklare taks ou yo gratis.* Verifye NYC Free Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) la.</p> <p>*Ou kapab elijib pou Kredi Enpo sou Revni ou Touche ak Kredi Enpo sou Gad Timoun, ki kapab gen kòm rezilta yon ranbousman <i>anplis sou</i> peman ou an.</p>	Non	<p>Wi</p> <p>Itilize zouti a pou w fè suivi pou konnen nan ki pwen peman ou an rive.</p>

KLE: RRB: Railroad Retirement Board (Komite Retrèt Chemennfè)
 SSA: Administrasyon Sekirite Sosyal

SSI: Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income)
 VA: Konpansasyon Ansyen Militè ak Avantaj Pansyon

Resous ak Èd Gratis

Sant Otonomi Finansyè Vil New York:

Ou kapab jwenn konsèy finansye gratis nan telefòn. Ale gade nan nyc.gov/TalkMoney pou pran yon randevou. Kolabore ak yon konsèy pou w louvri yon kont labank konsa w kapab konfigire depo dirèk; jere chanjman rapid ki gen nan bidjè oswa revni fanmi a; kontakte kreyansye yo; epi plis toujou. Konsèy w kapab ede w louvri yon Kont SafeStart Vil New York la (verifye anba la).

Preparasyon Taks Gratis Vil New York:

Al gade nan nyc.gov/taxprep pou aprann kijan pou voye taks ou ale gratis grasa èd w ap jwenn nan men yon preparatè volontè IRS VITA/TCE ki sètifye. Gen èd ki disponib an pèsonn, sa gen ladan sèvis depo, oswa anliy (preparasyon taks a distans; èd pou prepare taks ou poukont ou anliy).

Si ou pa oblije deklare taks, moun ki prepare taks yo ka gide ou sou kòman pou asire w ou jwenn peman relans ou an.

Si w ap resevwa èd leta epi yo pa mande w voye taks ale, preparatè yo ka ede w konnen ki fason pou sèvi ak zouti IRS yo pou w ka jwenn tout lajan stimulus la si ou gen timoun sou kont ou ki gen mwens pase 17 tan.

Pou w kalifye, ou dwe:

- Fè mwens pase \$64 000 (fanmi) oswa \$45 000 (kandida endividyèl)

Pou w ka itilize sèvis anliy yo, ou dwe genyen:

- Aksè nan yon òdinatè, tablèt, oswa telefòn entèlijan
- Yon bon koneksyon entènèt
- Tèks oswa imèl
(pou oto-preparasyon asiste a)
- Kapasite pou w telechaje lojisyèl videyo konferans ki san danje
(pou preparasyon fiskal virtyèl la)

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York

(Department of Consumer and Worker Protection):

Al gade nan nyc.gov/dca. Klike sou Konsomatè, Jere Lajan, apres a [Louvri yon Kont](#) pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon bankè yo ak resous adisyonèl yo, tankou:

- **Kont SafeStart Vil New York la**
Ou kapab louvri yon kont nan youn nan divès bank ak kowoperativ ki bay posibilite pou gen yon Kont SafeStart Vil New York la, yon kont epay demaraj ki san danje epi ki abòdab.
- **IDNYC**
Ou kapab louvri yon kont nan yon enstitisyon ki aksepte IDNYC a antanke yon fòm prensipal idantifikasyon.

- **Bank On**
Ou kapab louvri yon kont anliy Bank On sètifye.
- **Fès Plis Bagay ak Lajan ou an Konsèy Pratik**

[Louvri yon Kont Chèk](#)

[Konprann Kijan Kat Prepeye yo Mache](#)

AccessNYC:

Al gade nan access.nyc.gov/coronavirus-covid-19-updates pou konnen sou Sèvis Ajans Vil yo, tankou Lojman ak Alimantasyon.

IRS:

IRS p ap ba w fo chèk, yon montan ki pa sa, apres a mande pou w rele nan yon nimewo oswa verifye enfòmasyon anliy pou w kapab andose li (pran lajan). Siveye taktik magouy kouran sa a ak lòt yo toujou. Al gade nan [IRS.gov/coronavirus](https://irs.gov/coronavirus). Klike [Tax Scams/Consumer Alerts \(Magouy Fiskal/Alet Konsomatè\)](#).